



# PWOGRAM ENTÈVANSYON NOVO NORDISK



## ENFÒMASYON SOU PWOGRAM

Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la ([www.nnrp.ca](http://www.nnrp.ca)) se pou imigran ak refijye ki fenk vini nan Kanada ki pa gen okenn aksè nan asirans pou medikaman epi ki pa gen mwayen finansye pou achte ensilin ak zegwi Novo Nordisk yo a.

## DETAY PWOGRAM LAN

Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la ofri sèten ensilin Novo Nordisk(yo) ak zegwi yo pou jiska 120 jou apati dat aktivasyon kat avantaj Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk yon pasyan.

Objektif Pwogram sa a se pou bay yon sipò **tanporè** pandan pasyan yo ap jwenn asirans prive / asirans siplemantè pou medikaman oswa y ap aplike nan yon pwogram piblik pou medikaman.

Si yo pran yon asirans prive/siplemantè oswa asirans piblik pou medikaman nan lèspas 120 jou apre aktivasyon Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la, avantaj Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk yo sispann.

## KAT AVANTAJ PWOGRAM YO

Se pwofesyonèl swen sante yo a ki bay pasyan yo Kat Avantaj Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk yo.

## SIPÒ POU APARÈY POU BAY ENSILIN

- [Videyo Demonstrasyon Piki FlexTouch® \(Anglè\)](#)
- [Videyo Demonstrasyon Piki NovoPen® 4 \(Anglè\)](#)
- [Videyo Demonstrasyon Piki NovoPen® Echo® \(Anglè\)](#)

## ÈSKE OU GEN PLIS KESYON?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la, kontakte Sèvis Kliyan Novo Nordisk nan 1-800-465-4334.



# PWOGRAM ENTÈVANSYON NOVO NORDISK



## ENKLIZYON PWODUI YO

<b>Tresiba®</b>	2467879 - Tresiba® U-100 FlexTouch® 2467887 - Tresiba® U-200 FlexTouch®
<b>NovoRapid®</b>	2377209 - NovoRapid® FlexTouch® 2244353 - NovoRapid® Penfill® 2245397 - NovoRapid® Vial
<b>Levemir®</b>	2412829 - Levemir® FlexTouch® 2271842 - Levemir® Penfill®
<b>NovoMix®</b>	2265435 - NovoMix® 30 Penfill®
<b>Novolin® ge 30/70</b>	2025248 - Novolin® ge 30/70 Penfill® 2024217 - Novolin® ge 30/70
<b>Novolin® ge NPH</b>	2024268 - Novolin® ge NPH Penfill® 2024225 - Novolin® ge NPH
<b>Novolin® ge Toronto</b>	2024284 - Novolin® ge Toronto Penfill® 2024233 - Novolin® ge Toronto
<b>Zegwi yo</b>	NovoFine® 32G Tip etw x 6 mm

## DISPONIBILITE NOVOPEN®

**Aparèy NovoPen® 4** yo disponib nan famasi gratis pou pasyan yo.

**Aparèy NovoPen® Echo®** yo gendwa disponib, sou demann, nan kabinè Pwofesyonèl Swen Sante a oswa nan yon Sant lokal Edikasyon sou Dyabèt. Anplis, famasyen yo ka kontakte Sèvis Kliyan Novo Nordisk pou mande aparèy NovoPen® Echo® yo nan kantite limite nan: 1-800-465-4334.

Yo mete pwodui yo nan pwogram sa a dapre libète desizyon Novo Nordisk Canada Inc. sèlman epi yo kapab sibi chanjman san preyavi.



# **PWOGRAM ENTÈVANSYON NOVO NORDISK**



## **KESYON MOUN POZE SOUVAN**

### → **Èske yo ka itilize kat avantaj la pou plis pase yon sèl medikaman Novo Nordisk?**

Wi! Moun ka reklame kat avantaj Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la pou yon sèl terapi ki kouvri oswa pou nenpòt konbinezon ensilin Novo Nordisk ki kouvri yo.

### → **Èske yo ka itilize kat avantaj Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la plis pase yon sèl fwa?**

Wi! Yo ka itilize menm kat avantaj Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la pou renouvèlman medikaman ensilin pou jiska 120 jou. Epitou, Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la bay 1 bwat zegwi pou chak reklamasyon nan kat avantaj la (rive jiska yon maksimòm 4 bwat).

### → **Èske kat avantaj Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la ap ekspire?**

Objektif Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la se pou bay soulajman tanporè pou moun ki fenk vini nan Kanada. Kat avantaj Pwogram lan garanti aksè nan sèten ensilin ak zegwi Novo Nordisk pou jiska 120 jou. Andedan 120 jou sa yo, yo ankouraje benefisyè pwogram yo pou yo achte asirans prive / siplemanchè pou medikaman oswa pou yo aplike pou divès kalite pwogram piblik pou medikaman onivo pwovens ak teritwa yo.

Si yo pran yon asirans prive/siplemanchè oswa asirans piblik pou medikaman nan lespas 120 jou apre aktivasyon Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la, avantaj Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk yo sispann.

### → **Èske gen nenpòt pri oswa frè pou ensilin Novo Nordisk ki ladan an?**

Non. Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la kouvri pri medikaman ak zegwi Novo Nordisk fabrike yo, epitou frè estanda anplis nan endistri a frè distribisyon yo.



# **PWOGRAM ENTÈVANSYON NOVO NORDISK**



→ **Èske zegwi yo fè pati Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la?**

Yo mete sèten zegwi nan pwogram sa a. Pwogram Entèvansyon Novo Nordisk la bay 1 bwat zegwi pou chak reklamasyon nan kat avantaj la (jiska yon maksimòm 4 bwat).

→ **Kikote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou divès kalite pwogram piblik avantaj medikaman onivo pwovens ak teritwa yo?**

Ale sou paj [Pwogram Piblik pou Medikaman onivo Pwovens ak Teritwa yo](#) ki sitiye sou sitwèb Gouvènman Kanada a pou jwenn plis enfòmasyon.